

Sware Antre Lekòl pou Malden High School

23 Septanm 2019--5:30-7:00pm

Yon lòt fwa ankò, byenveni nan Malden High School! Nou te vrèman kontan aprann konnen pitit ou pandan semèn ki sot pase yo e n ap tann pou n aprann e grandi ansanm pandan ane lekòl ki devan nou an. Pèsonèl la te adopte slogan sa a pou ane k ap vini an: **Ou pa poukont ou.** Pou n ka tabli relasyon pozitif avèk tout fanmi nou yo, nou ta renmen envite w vin nan **Sware Antre Lekòl ki pral fèt lendì 23 septanm 2019 a 5:30-7:00 pm.** Nou swete w ap avè nou pou sware pozitif sa a.

Lè w rive nan Malden High School, tanpri, antre nan antre prensipal la ki sou Salem St., kote gen manm pèsonèl ak elèv ki pral resevwa w. Tanpri, verifye pwogram pitit ou ansanm avè l. Si w bezwen èd pou w jwenn tout kou pitit ou konn suiv yo, pèsonèl la ak elèv yo pral byen kontan ede w. Ou kapab vini ak pitit ou si w vle, e nou menm ankouraje sa.

Nou ta renmen envite w vizite chak pwofesè ki konn anseye pitit ou nan sal de klas yo oswa nan espas yo anseye a (jimnazyòm, chòp, elatriye) atravè sware a. Konsa, pwofesè yo pral kapab ba w materyèl ki gen enfòmasyon konsènan kou yo fè ak pitit ou, epi w ap gen okazyon rankontre ak pwofesè pitit ou fasafas. Piske nou atann pral gen anpil fanmi k ap vini nan espas 90 minit sa a, nou ta renmen w sonje se jis yon okazyon pou w rankontre ak pwofesè pitit ou yo pandan yon ti tan tou kout. Pwofesè yo pral ba w enfòmasyon pou kontakte yo pou sizoka ou ta renmen kontinye kominike avèk yo (pa mwayen telefòn, imèl, oswa yon lòt rankont fasafas) pou w ka fè yon konvèsasyon pi pwofon avè yo konsènan pwogrè pitit ou nan yon kou patikilye. Pwofesè yo kontan kenbe kontak avè w atravè ane lekòl la.

Nou swete w ap mete ansanm avè n pou n fòme yon bonjan kolaborasyon ant lakay la ak lekòl la, yon fason pou tout elèv nou yo ka santi toutbonvre yo pa poukont yo.

Sensèman,
Chris Mastrangelo
Direktè Malden High School